

Nimewo 5

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Deklarasyon yon Ijans Katastwòf nan Konte Bronx, Kings, New York, Richmond ak Queens akòz kondisyon yo nan Sant Koreksyonèl Rikers Island**

**KONSIDERE KE**, Sant Koreksyonèl Rikers Island lan te fè fas ak gwo mank pèsònèl nan dènye mwa yo;

**KONSIDERE KE**, kondisyon nan sant yo te mennen nan anviwònman ki danjere, menase lavi pou prizonnye yo ak pèsònèl la;

**KONSIDERE KE**, yon monitè federal ki te nonmen pou sipèvize Sant Koreksyonèl la te rapòte yon "nivo dezòd ak konfizyon jeneral", nan etablisman yo nan Onzyèm Rapò Monitè Endepandan *Nunez* la;

**KONSIDERE KE**, te gen yon kantite lanmò prizonnye ki ogmante nan Rikers Island ane sa a;

**KONSIDERE KE**, gen yon nesese pou fasilite itilizasyon konparisyon vityèl nan tribinal pou akselere pwosedi yo ak re-afekte pèsònèl depatman koreksyon yo nan transpò ak pwodiksyon akize yo pou sipèvizyon ak sekirite lojman;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf ki te rive epi ankou kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. An konsekans, mwen, avèk dokiman sa a, ap deklare yon eta ijans pou katastwòf ki anvigè nan dat 28 septanm 2021 epi jiska nouvèl òd nan konte Bronx, Kings, New York, Richmond ak Queens; epi

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite ke Seksyon 29-a Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la ban mwen pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa kèk pati ladan yo, pandan yon eta ijans pou katastwòf, si respè li ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesese pou fè fas ak ijans katastwòf la, mwen sispann ak modifye pwovizwaman sa ki annapre a jiska 28 oktòb 2021:

- Atik 182 Lwa Pwosedi Kriminèl la nan mezi nesese pou otorize yon tribinal dispanse konparisyon pèsònèl nenpòt pati oswa temwen ak konduit pa mwayen konparisyon elektwonik: (i) sof pou motif valab ki prezante, nenpòt akizasyon nan tribinal siprèm sou yon akizasyon oswa enfòmasyon tribinal siperyè a, apèl pou pwograme pwosè, konferans tribinal oswa agiman pou mosyon; (ii) sou kondisyon akize a bay konsantman, tout pledwaye, santans oswa temwayaj nan gran jiri a yon akize fè; epi (iii) sou kondisyon akize a ak pwokirè a bay konsantman, pou tout odyans sou prèv oswa pwosè ki san jiri.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan vennywityèm jou mwa septanm nan ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a